**दिन–बुधवार** **दिनांक–27.05.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

सुप्रीम कोर्ट मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण प्रक्रिया, एसआईआर कँ वैध आओर संवैधानिक करार देलक अछि। मुख्य न्यायाधीश सूर्यकांतक अध्यक्षताबला पीठ बिहार समेत दोसर राज्य सभ में एसआईआरक संवैधानिकता कँ चुनौती देबयबला याचिका सभ पर सुनवाई करैत ई फैसला सुनाओल गेल। पीठ कहलनि जे चुनाव आयोग संवैधानिक संस्था अछि आओर एकरा निष्पक्ष तथा शुद्ध मतदाता सूची तैयार करबाक अधिकार अछि।

---

केन्द्रीय मंत्रिमंडल द्वारा आइ सार्वजनिक वितरण प्रणालीक अंतर्गत राशन, परिवहन आओर प्रबंधन सहायता योजना, सार्थक पीडीएस के जारी रखबाक मंजूरी देल गेल। एहि लेल केन्द्र सरकार दिस सँ पच्चीस हजार पांच सय तीस करोड़ रूपैयाक आवंटन कयल गेल अछि। सूचना आओर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णन नव दिल्ली मे मीडिया कँ ई जनाकरी देलनि।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक अध्यक्षता मे भेल कैबिनेट बैसार मे कुल सत्ताईस एजेंडा सभ पर मुहल लागल अछि।

---

राष्ट्रीय मानवाधिकार आयोग नालंदा जिलाक एकटा सरकारी स्कूल में मध्याह्न भोजनक बाद साठि छात्रक स्वास्थ्य खराब होयबाक घटना पर स्वतः संज्ञान लेलक अछि। आयोग द्वारा एकरा मानवाधिकार उल्लंघनक गंभीर मामला मानैत जिलाधिकारी सँ दू सप्ताहक भीतर विस्तृत रिपोर्ट माँगल गेल अछि।

---

राजस्व एवं भूमि सुधार मंत्री दिलीप कुमार जायसवाल दाखिल–खारिज, ई–मापी आओर अभियान बसेराक लंबित मामिला सभक तेजी सँ निपटारा करबाक निर्देश देलनि अछि। विभागीय समीक्षा बैसारक दरमियान ओ कहलनि जे पंद्रह दिनक बाद एक बेर फेर सँ कार्य निष्पादनक समीक्षा होयत। श्री जायसवाल किसान पंजीकरण अभियान कैँ गति देबाक लेल परिमार्जन मामिला सभक शीघ्र निष्पादनक सेहो निर्देश देलनि।

---

आम लोकक समस्या सभक निपटाराक लेल पंचायतक तर्ज पर आब राज्यक नगर निकाय सभ मे सेहो सहयोग शिविरक शुरुआत होयत। एहि मे लोक सभ सँ प्राप्त आवेदनक आधार पर हूनक समस्या सभक समाधान तीस दिनक भीतर कएल जायत। मुख्य सचिव प्रत्यय अमृत सभ प्रमंडलीय आयुक्त, जिला पदाधिकारी, वरीय पुलिस अधीक्षक आओर पुलिस अधीक्षक सभ कैँ निर्देश जारी कऽ शिविरक तैयारीक निर्देश देलनि अछि। पंचायते जकाँ नगर निकाय क्षेत्र सभ मे सेहो प्रत्येक मासक पहिल आओर तेसर मंगलदिन कैँ सहयोग शिविर लागत।

---

राज्यपाल सह–कुलाधिपति लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत्त सैयद अता हसनैन कहलनि जे सभ कुलपति हर महीना कम से कम दू बेर अंगीभूत कॉलेज सभक निरीक्षण करतथि। एहि संबंध में सभ कुलपति सभ कैँ दिशा–निर्देश जारी कऽ देल गेल अछि। विश्वविद्यालय सभ कैँ समर्थ पोर्टलक प्रभावी क्रियान्वयन पर जोर दैत सभ प्रशासनिक आओर शैक्षणिक गतिविधि सभ कैँ डिजिटल प्लेटफॉर्म पर अनबाक निर्देश देल गेल अछि।

---

प्रदेशक उत्तरी आओर दक्षिण–पूर्वी हिस्सा सभ मे लगातार भऽ रहल वर्षाक कारणे तापमान मे कमी आयल अछि। हालांकि दक्षिण बिहारक तापमान एखनहुँ सामान्य सँ ऊपर बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जानकारीक अनुसार पिछला चौबीस घंटाक दरमियान पूर्णिया आओर मधेपुरा मे तेज हवाक संग मूसलाधार वर्षाक चेतावनी जारी कएल गेल अछि।

ओतहि, राज्यक दक्षिण–मध्य जिला सभक किछु भाग मे तेज हवाक संग मेघ गर्जन आओर वज्रपातक संभावना जताओल गेल अछि। ओतहि, पटनाक अधिकतम तापमान अड़तीस दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल।

———————————————————————————

भारतीय सेना में अग्निपथ योजना आओर नियमित कॉडरक भर्तीक लेल वर्ष दू हजार सत्ताइसक ऑनलाइन सामान्य प्रवेश परीक्षा एक जून सँ बारह जून धरि आयोजित कएल जायत। उम्मीदवार आधिकारिक भारतीय सेना भर्ती वेबसाइट सँ अपन प्रवेश पत्र डाउनलोड कऽ सकैत छथि, परीक्षा संबंधी निर्देश पढ़ि सकैत छथि आओर मॉक टेस्ट दऽ सकैत छथि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे अनुसूचित जाति आओर अनुसूचित जनजातिक छात्र सभक उत्थान लेल सरकार प्रतिबद्ध अछि। मुख्यमंत्री आजु पटना में जनजातीय गरिमा उत्सव दो हजार छब्बीस अंतर्गत बिरसा लिव्स इन न्यू भारत थीमक तहत छात्रवृत्ति लाभुक सभक संग संवाद कार्यक्रम कैँ संबोधित कऽ रहल छलाह।

———————————————————————————

कुर्बानीक त्योहार ईद–उल–अजहा यानि बकरीद काल्हि मनाओल जायत। बकरीद कैँ लऽकऽ प्रदेशभरि मे सुरक्षा व्यवस्था के देखैत मुख्य सचिव प्रत्यय अमृतक अध्यक्षता मे आइ एकटा बैसार आयोजित कयल गेल।

———————————————————————————

समाप्त भेल